ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM
27 ноябрь 2025 год № 22 (590)



ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

# ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»



А.-Х. Кадыров

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА
ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР



## УВАЖАЕМЫЕ СОТРУДНИКИ И ВЕТЕРАНЫ ГАЗЕТЫ «ЗОРИ ИСЛАМА»!

От всей души поздравляю с юбилеем - тридцатипятилетием издания!

С первых дней после учреждения газета «Зори Ислама» («Исламан зIаьнарш») завоевала уважение и признание широкой читательской аудитории. Уже на протяжении 35 лет коллектив газеты вносит весомый вклад в распространение истинных ценностей нашей религии, в борьбе с идеологией экстремизма и терроризма, духовно-нравственное воспитание молодёжи.

Газета «Зори Ислама» («Исламан зIаьнарш») быстро стала ведущим исламским периодическим изданием республики. На страницах СМИ затрагиваются вопросы, которые являются очень актуальными и злободневными для мусульманской уммы. Соответствие Корану и Сунне, объективность и релевантность, удобочитаемость - принципы, которыми всегда руководствуются сотрудники газеты при подготовке публикаций к печати.

Мне очень приятно отметить, что важную роль в становлении газеты сыграл наш Первый Президент, Герой России Ахмат-Хаджи Кадыров, который на тот момент был ректором Курчалоевского исламского института. Как глубоко образованный и авторитетный религиозный деятель, он консультировал редакционную коллегию, разъясняя вопросы в области шариата и тариката.

Искренне желаю коллективу «Зори Ислама» («Исламан зIаьнарш») семейного благополучия, мирного неба над головой и творческого вдохновения. С юбилеем!

***Глава Чеченской Республики***
***Рамзан Кадыров***

## МУФТИЙ ЧР: «ЗА ВСЕ ВРЕМЯ СВОЕЙ РАБОТЫ ВЫ ПОКАЗАЛИ ВЫСОКИЙ ПРОФЕССИОНАЛИЗМ, ЛЮБОВЬ К НАШЕЙ РЕЛИГИИ, ТРАДИЦИЯМ И ОБЫЧАЯМ ЧЕЧЕНСКОГО НАРОДА»

6 ноября в Чеченской Республике произошло знаменательное событие – религиозно-просветительская газета «Исламан зIаьнарш» («Зори Ислама») отпраздновала свой 35-летний юбилей.

В связи с этим от имени Духовного управления мусульман ЧР и от меня лично примите, пожалуйста, наши искренние поздравления!

Мы помним этапы становления газеты, основателем и главным редактором которой являлся Масхут Заурбеков, знаток традиционного Ислама, последователь шейха Али Митаева. Выход в свет такого издания стал важным событием в духовной и культурной жизни жителей Чеченской Республики.

Мы приобрели возможность получать информацию о жизни и деятельности наших уважаемых шейхов, устазов. Именно ваша газета с первых ее номеров предоставила мусульманам республики такую возможность.

Редактор, корреспонденты на страницах газеты печатали содержательные, интересные статьи, интервью, выступали на телевидении, вели передачи, в которых рассказывали об известных чеченских святых. На чеченском, русском языках печатались священные суры, хадисы Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), раскрывалась история зарождения и распространения Ислама. По этим материалам читатели более углубленно знакомились с исламской культурой, освоенной ранее нашими отцами, дедами, прадедами.

Здесь хочется отметить, что новый этап в деятельности религиозного издания связан с Первым Президентом ЧР, Героем России Ахматом-Хаджи Кадыровым, который понимал необходимость в нем и его важность для последователей наших традиций, Ислама. Газета вновь возродилась в 2004 году, и это непосредственная заслуга Ахмата-Хаджи Кадырова.

За все время своей работы вы показали высокий профессионализм, любовь к нашей религии, традициям и обычаям чеченского народа.

Ваша газета доказала свою востребованность, продолжая исполнять просветительскую, духовно-культурную функцию, которая способствует углубленному пониманию традиционных религиозных ценностей чеченского народа.



Желаем вашему дружному коллективу во главе с главным редактором Фаридой Заурбековой успехов в дальнейшей деятельности, новых интересных для читателей статей и материалов, новых побед и достижений в реализации творческих замыслов.

Пусть Всевышний Аллах поможет вам во всех начинаниях!

***Советник Главы ЧР,***
***Муфтий ЧР***
***Салах-Хаджи Межиев***



## АХМЕД ДУДАЕВ ПОЗДРАВИЛ КОЛЛЕКТИВ «ЗОРИ ИСЛАМА» С 35-ЛЕТИЕМ ИЗДАНИЯ

**Уважаемые друзья! 6 ноября 2025 года исполнилось 35 лет со дня учреждения всеми нами любимой религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш» («Зори Ислама»).**

Это была первая духовно-просветительская газета в стране.

С первого номера в издании активно принимали участие богослов и Первый Президент Чеченской Республики, Герой России Ахмат-Хаджи Кадыров (Дала гIазот къобал дойла цуьнан!) и известный религиозный деятель, председатель Совета алимов СКФО Хож-Ахмед-Хаджи Кадыров.

Из-за боевых действий на территории Чеченской Республики издание газеты временно приостановилось.

В 2004 году, благодаря воле и мужеству Первого Президента ЧР Ахмата-Хаджи Кадырова (Дала гIазот къобал дойла цуьнан!), газета «Исламан зIаьнарш» («Зори Ислама») продолжила свой славный путь. Сегодня Главой Чеченской Республики Рамзаном Ахматовичем Кадыровым созданы все условия для полноценной работы коллектива, чтобы газета и дальше раскрывала суть исламских ценностей. В 2010 году, на прошедшем в г. Грозном III-м Международном миротворческом форуме «Ислам – религия мира и созидания», Координационный центр мусульман Северного Кавказа наградил газету «Исламан зIаьнарш» («Зори Ислама») орденом «За заслуги перед уммой» I степени, а главный редактор Масхут Заурбеков был удостоен ордена «За утверждение духовных ценностей».

От лица коллектива Министерства информации и печати Чеченской Республики и от себя лично поздравляю вас с юбилеем! Желаю коллективу газеты крепкого здоровья, счастья в личной жизни и дальнейших творческих успехов в благородном служении Чеченской Республике!

Дала тIаьхье беркате йойла!

***Помощник Главы ЧР,***
***министр информации и***
***печати Ахмед Дудаев***

## ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

### 2-гIа агIо

**ТОРЖЕСТВЕННОЕ МЕРОПРИЯТИЕ, ПОСВЯЩЕННОЕ 35-ЛЕТНЕМУ ЮБИЛЕЮ РЕСПУБЛИКАНСКОЙ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКОЙ ГАЗЕТЫ «ИСЛАМАН З1АЬНАРШ» («ЗОРИ ИСЛАМА»)**

«В студии ЧГТРК «Грозный» состоялось торжественное мероприятие, посвященное 35-летнему юбилею республиканской религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш» («Зори Ислама»). Наше издание, первое в своем роде на Северном Кавказе и в Советском Союзе, было основано 6 ноября 1990 года.

С приветственным словом к собравшимся обратился помощник Главы ЧР, министр ЧР по национальной политике, внешних связей, печати и информации Ахмед Дудаев. Он подчеркнул значимость «Зори Ислама» в религиозно-нравственном просвещении общества.

В своём выступлении председатель Совета алимов СКФО, почётный гость мероприятия Хож-Ахмед-Хаджи Кадыров подчеркнул историческую роль издания в сохранении и распространении исламских ценностей в регионе. С поздравительными словами и воспоминаниями о становлении газеты выступили также приглашённые гости, стоявшие у истоков её создания и продолжающие вносить вклад в развитие издания сегодня.

Кульминацией официальной части стала церемония награждения, в ходе которой коллектив газеты был удостоен почетных наград за свой вклад в развитие СМИ и духовно-нравственной сферы региона...»

### 3-гIа агIо

**НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ДУЬЙЦУ**

«Мардех куьг кхетча, ламаз духий?

Несан мардех куьг кхетча, ламаз духуш дац, дай, йоIIий ларало и шиь шариIатехь, хIунда аьлча, кIентан хилла зуда цкъа а йалон мегаш дац дас, ден долахь хилла йолу зуда кIанта йалон а мегаш дац.

Бицлуш болчу нахехь йерг цамгар йу ала мегар долуш, ламазехь вицвалалар бахьана долуш бала хьоьгуш нах бу. ХIун дан деза ламаз дарна а, эцарна а?

Ишта вицвалар Дала стеган хьекъал дIаайар ду. Иштта вицвелла стаг бехке хир вац цхьана а хIуманна, хIунда аьлча «Таклиф охIла» волчуьра дIаволу иза, декхарш тедеххинчуьра даволу иза. Иштта ша вицваларна, цхьаьнга схьа а хьоьхуйтуш, дан деза аьлча, ца деза аьлла, жоп делла. И цуьнга Дала хIоттийна хьал ду, тоххара таза волчу хенахь дина долу ламазел лекха лерина Дала хIинца цо, шена дан а лууш, дина ламаз. Цундела цунах тешна хир ду вай, Дала мукъ лахь.

Йалхийтта шо кхаьчча бен рузбане ваха ца волавелла ша. Цул хьалха цавахарна Дала гечдийр дуй шена, бохуш хоьтту.

Дела реза хуьлда цунна и само йарна. Пхийттара валлалц тIехь дац рузба, амма пхийттара валале ца хьоьжуш вахча, йал алсам хир йу. ХIетталц ца вахча, къа йаздеш дац иза. Дала ийманехь нисвалар лойла цунна»

### 4-гIа агIо

**ПОЧЕМУ НЕТ БАРАКАТА?**

«Баракат в переводе с арабского языка означает «благодать». Баракат – это прибавление и дополнение. Баракат включает в себя всё хорошее, всеобщую милость Всевышнего.

От Абдуллаха ибн Бусра (да будет доволен им Аллах) передаётся, что Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал (смысл): «О Аллах, сделай баракатным (благодатным) для них то, чем Ты наделил их, прости и помилуй их» (Муслим, Абу Давуд). Всевышний Аллах предопределил каждую вещь и распределил удел (ризк) среди всех Его творений за 50 тысяч лет до сотворения небес и земли.

От Абдуллаха ибн Амр ибн аль-Аса (да будет доволен им Аллах) передаётся, что он слышал, как Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) говорил: «Аллах записал судьбу всего сотворённого за пятьдесят тысяч лет до того, как Он создал небеса и землю» (Муслим, ат-Тирмизи).

К предопределённому Создателем уделу относятся потомство, здоровье, имущество и прочее. Это всё и является предопределением Господа, и оно осуществляется согласно Его знанию, мудрости, воле и милости. Однако Всевышний Творец некоторым людям увеличил удел, а некоторым уменьшил. И когда человек получает свой удел, он получает его либо полным и обильным, либо ограниченным, но вместе с баракатом...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# ТОРЖЕСТВЕННОЕ МЕРОПРИЯТИЕ, ПОСВЯЩЕННОЕ 35-ЛЕТНЕМУ ЮБИЛЕЮ РЕСПУБЛИКАНСКОЙ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКОЙ ГАЗЕТЫ «ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ» («ЗОРИ ИСЛАМА»)

В студии ЧГТРК «Грозный» состоялось торжественное мероприятие, посвященное 35-летнему юбилею республиканской религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш» («Зори Ислама»). Наше издание, первое в своем роде на Северном Кавказе и в Советском Союзе, было основано 6 ноября 1990 года.

С приветственным словом к собравшимся обратился помощник Главы ЧР, министр ЧР по национальной политике, внешних связей, печати и информации Ахмед Дудаев. Он подчеркнул значимость «Зори Ислама» в религиозно-нравственном просвещении общества.

В своём выступлении председатель Совета алимов СКФО, почётный гость мероприятия Хож-Ахмед-Хаджи Кадыров подчеркнул историческую роль издания в сохранении и распространении исламских ценностей в регионе. С поздравительными словами и воспоминаниями о становлении газеты выступили также приглашённые гости, стоявшие у истоков её создания и продолжающие вносить вклад в развитие издания сегодня.

Кульминацией официальной части стала церемония награждения, в ходе которой коллектив газеты был удостоен почетных наград за свой вклад в развитие СМИ и духовно-нравственной сферы региона.

За многолетний труд и значительный вклад в развитие издания благодарственным письмом министерства ЧР по национальной политике, внешним связям, печати и информации был награжден председатель Совета алимов СКФО Хож-Ахмед-Хаджи Кадыров. Также за большой вклад в распространение истинных религиозных ценностей и духовно-нравственное воспитание подрастающего поколения медалью «Памяти Ахмат-Хаджи Кадырова, Первого Президента Чеченской Республики» был награжден основатель



первой религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш» (Зори Ислама), исполнительный директор Масхут Заурбеков. Почетного звания «Заслуженный журналист Чеченской Республики» удостоена главный редактор Фарида Заурбекова. Кроме того, почетными грамотами министерства и денежными поощрения были награждены и другие сотрудники газеты.

Торжество стало ярким свидетельством признания заслуг газеты «Зори Ислама» перед обществом и подвело итог 35-летней плодотворной работы духовного просвещения.













В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ДУЬЙЦУ



**Мардех куьг кхетча, ламаз духий?**

Несан мардех куьг кхетча, ламаз духуш дац, дай, йоIИй ларало и шиь шариIатехь, хIунда аьлча, кIентан хилла зуда цкъа а йалон мегаш дац дас, ден долахь хилла йолу зуда кIанта йалон а мегаш дац.

**Бицлуш болчу нахехь йерг цамгар йу ала мегар долуш, ламазехь вицвалалар бахьана долуш бала хьоьгуш нах бу. ХIун дан деза ламаз дарна а, эцарна а?**

Ишта вицвалар Дала стеган хьекъал дIаайар ду. Иштта вицвелла стаг бехке хир вац цхьана а хIуманна, хIунда аьлча «Таклиф охIла» волчуьра дIаволу иза, декхарш тедехкинчуьра даволу иза. Иштта ша вицваларна, цхьаьнга схьа а хьоьхуйтуш, дан деза аьлча, ца деза аьлла, жоп делла. И цуьнга Дала хIоттийна хьал ду, тоххара таза волчу хенахь дина долу ламазел лекха лерина Дала хIинца цо, шена дан а лууш, дина ламаз. Цундела цунах тешна хир ду вай, Дала мукъ лахь.

**Йалхийтта шо кхаьчча бен рузбане ваха ца волавелла ша. Цул хьалха цавахарна Дала гечдийр дуй шена, бохуш хоьтту.**

Дела реза хуьлда цунна и само йарна. Пхийттара валлалц тIехь дац рузба, амма пхийттара валале ца хьоьжуш вахча, йал алсам хир йу. ХIетталц ца вахча, къа йаздеш дац иза. Дала ийманехь нисвалар лойла цунна.

**Доьзалхочунна, дуьненчу ма-валлара, цуьнан валар нисделча, докъа ламаз дан оьший-те? Марчо хьарчо оьший-те? Кешнашка дIадоллара хIума муха ду? Зуда шен доьзалхо кхоллавалале хьалха, барам хилале хьалха остайалар нислахь, доьзалхо шен кхоллам кхочуш хилале хьалха дуьненчу ваьлча, сурт кхолладелла-м ду цуьнан, хIун дан деза докъан ламаз дарна а, беран дакъа лийчорна а, дIадолларна а?**

Вайн хIокху ДегIастанехь долу нохчийн къам имам ШафиIин мазхIабехь ду. Оцу имама ШафиIис вайна сацийна билгалдаьккхинарг ду: дуьненчу ваьлла доьзалхо, чохь са долуш дуьненчу валахь, нагахь цкъа цо мохь хьаькхнехь а, меже шен лаамехь меттах хьайинехь а, и дийна хиларан ши билгало йу. Нагахь оцу шина билгалонах цхьаъ хааеллехь, и лийчо деза, марчо хьарчо а деза, докъан ламаз дан а деза, оцу кепара ду цуьнан хьукма. Хьанифиййунаша куц хийцина лелийна, Абу Хьанифата а, РахьимахIуллахIу таIала, Дала къинхетам бойла цунах, имамул-IаIзам ву иза шариIатехь некъ бина, биъ бутт кхаьчначул тIаьхьа дуьненчу даьлча, дегIан сурт кхолладеллехь, са чохь дуьненчу ца далахь а, докъан ламаз дийр ду, аьлла цо. Ткъа вай дийр дац, чохь са а долуш дуьненчу даьлла дацахь. Имам ШафиIис вайна тIедиллина дац иза. Дала нисдалар лойла вайна!

**Ламаз эцарехь а, дарехь а цхьаболу нах сих-сиха бицбалар долуш хуьлу, масала, ламаз дан дахIоьттича, «АллахIу Акбар» олий доьхку. ТIаккха ша нийса ца дихкина моьттуш, йуха а, йуха а доьхку. Иштточу хьолехь хIун дан деза?**

Къуръана чохь аьлла ду: «Оха дуьненчохь йехха оьмар йелла дукхавахийнарг, дукха а шерашкахь ваьхнарг, шен кхолларехь: хьекъалехь, дегIехь эшавеш, йухахьовзаво». Стаг къанвала воьлча, цуьнгара ницкъ дIаболу, бIаьрса гIелло, лерса хазарна ледара хуьлу, церг-кхела телха, хьекъална де мел дели эшаме хуьлу. Ишта Дала вайна тIехь кхоьллина хьал ду стаг хIуманна вицлуш хилар а. Иза хIора а дукха ваьхна волчу стагехь ду. Вай дицдаларна, иэс дIадаларна, Далла гергахь бехк хир бац вайна тIехь. Цу хьокъехь кхоллалучу хаттаршна жайнашкахь хIара а, хIара а дийр ду ахь бохуш, жоьпаш ду.

Ламаз оьцуш волу стаг вицвеллехь, цкъа йилира-те ша хIара меже йа шозза йилира-те бохучохь, ша цкъа йилина хилар коьрте а лаьцна, ша шекволу меже йуха а йуьлур йу цо.

Ткъа ламаз дечу хенахь ша вицвеллехь, дукха дийши ша йа кIезиг дийши аьлла, шек велахь, масала, кхоъ дешнарг схьа а лаьцна, диъ доьшур ду. ТIаккха, ламаз дина ваьлча, салам далале, вицваларан сужуд дийр ду шозза.

Доьзал цхьаьна ламаз дан дIахIуттуш, да мичахь хила веза? Нана мичахь хила йеза? Доьзал мичахь хила беза? Церан дIахIиттар муха хила деза?

Дела реза хуьлда и хаттар дайтиначарна, Дала ийманехь совбохийла уьш. И тайпа хаттар хазахета суна, хIунда аьлча, шайн доьзалца, шайн цIийнан охIланца жамаIат лардан гIерташ хилча, доьзалан ийман чIогIа хиларан билгало йу. Пхийттара ваьлла боьрша стаг хьалхаваьлла хила веза, тIаьхьа хIуттуш шиъ божабер делахь, оцу имамана тIехьа дIахIуттур ву, цхьаъ бен вацахь, аьтту агIор цхьажимма йухаозавелла дIахIуттур ву, цул тIаьхьа зударий хIуьттур бу. Оцу кепара ду цуьнан низам.

**Ша Iуьйкъа-ламаз дечу хенахь "доьзалан каффаратан шиъ ракаIат суннат" олуш долу ламаз а дина, хIинца и дан ца оьшу аьлла хезна шена, цуьнах лаций алахьа боху цхьана зудчо.**

Важиб дина Дала тIедехкина долу ламазаш Къуръанца билгалдина ду. Лелоза ца довлуш долу суннаташ, Элчанан (IалайхIис-солат вас-салам) хьадисашца а долуш, цо лелийна хилла йолчу билгалонашца асхьабаша схьаоьцуш хилла ду. ХIинца оцу зудчо, шен доьзалан каффаратана олий, деш долу ши ракаIатан ламаз " ТатIаввуI" ду - Далла муьтIахь хилар ду. Дела Эла хилар хууш, Цо делларг бен цхьа а ниIмат шена а, шен доьзална а доций хууш, шен доьзал ларбар Деле доьхуш, Далла хьасталуш йу и зуда. ХIара мегар дуй-даций бохург нехан къамел ду. ХIара йан йеза аьлла йазйина цахиларх, цо йинна йолу Iамал дин дохош йац, цунна мел йазйеш йу. "Каффаратан" аьлла а ца дохкуш, "ТатIавуI" ши ракаIат суннат ламаз аьлла, дехка деза и ламаз. Мага-м муххале а мегар дара и дан, массо а нана йелара оцу кепара шен доьзал Деле боьхуш.

цу цIийнах. Хьовсал, тахана дуьне девзина вайна, дуккха а нах Маккахь а, Мединатехь а хилла, цигахь цхьана а маьждига чохь дIатоьхна ма дац цхьа а тайпа сурт. Оцо гойту и цамагош хилар. Магош хилча, Iибадат дечу цIа чохь хир ма дара уьш.

**Ламаз динчул тIаьхьа хан-зама йаьлча, ша и шен хеннахь дина цахиларна тIеккхиъча, хIун дан деза?**

Дела реза хуьлда и хаттар диначунна. Ламаз шен хеннахь ца нисдели шен аьлла, ша шек хиллачу заманчохь, цхьа билгало гучуйаьлча, хенал хьалха динехь, сихха йухадан деза, ламазан хан тила а ца туьлуьйтуш. Нагахь ламаз. Нагахь санна ламазан хан тиллачул тIаьхьа шена и хиънехь, шен маса ламаз дисина дагар а дина, доькхуш дан деза. Дала товфикъ лойла царна нисбаларехь.

Ламаз дан дахIоьттина а волуш, шен ламаз карахь цахилар дагадеъча, хIун дан деза? Ламаз дечуьра йукъах а ваьлла, йухаэца деза йа ламаз чекхдаккха деза?

Ламаз карахь доцуш вуй ма-хиъи, кхидIа ламаз дац цуьнан. Ша могIаре хIоьттина велахь, чеккка могIарера дIавала веза, ткъа имам хилла, нахана хьалха хIоьттина велахь, меллаша «сан ламаз карахь ца хилла, шу цхьаъ хьалхавала» аьлла, цхьаьннан цIе а йаьккхина, дIавала веза, йуха сихха ламаз карла




**Сурт до лчохь ламаз дан мегар дуй?**

Цу хьокъехь хьадис ду Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): "Сурт долчу цIа чу малик догIур дац" аьлла. Цундела и суьрташ бехкаме ду, цуьнан тапсир дича, чу са кхоьллича, денделла дIахIуттур долуш и сурт хилча, мегар дац аьлла сацийна Iуламааша. Берашна ловзон акхарой, лаца меже йолу адамийн куьцехь хIуманаш йа басаршца дехкина суьрташ чохь хиларх лардала деза. Делан къинхетам къаьхкар бу

санна хенал тIаьхьа динехь, доькхуш дан деза. Дала билгалйина йу ламазан хенаш, цундела шен хена чу нисдан деза ламаз.

ТIера бедар ламазна цIена цахилар коьртера а даьлла ламаз динехь йа ламаз дина ваьллачул тIаьхьа бен и бедар боьха йуй ца хиънехь, хIун дан деза?

Ламаз дарца саготта волуш, боьха бедар хийца вицвелла йа ламаз динчул тIаьхьа бен и бедар боьха йуй ца хиънехь, хIун дан деза аьлча, ламазан хан тилаза йелахь, шен бедар хийца а хийцина, йухадан деза

а даьккхина, оцу жамIате схьаккхиа а веза. Карахь а доцуш ламаз до аьлла, дахIотта мегаш дац.

Ламаз карахь а долуш, шен чохь коьртахь хIума йоцуш лелча йа тIера бедар хийцича, ламаз духий?

Ламаз карахь а долуш, шайн хIусамехь йа шаьш болчу меттехь зударша бедар хийцарх а, коьртара йовлакх дIадаккхарх а ламаз духуш дац, ламаз дохаран бехкамаш ларбичхьана.

*Заурбеков МасIуд*

# БОВВАККХАР

Нохчийн гIиллакхаш йист йоцу хIорд бу, шен мах хадийна вер воцу йоккха хазна а йу. Царах хоттавелларг, цаьрца возуш, уьш лардеш хилларг хIокху дуьненахь а, эхартахь а декъал хир ву. Делахь-хIета, декъала хир ву уьш къоначарна хьоьхуш, марздеш, Iамош верг. Ца хуьлийла а дац - диканиг деш, адамийн йукъаметтигаш аьхна, кIеда-мерза йеш ма ву иза, йукъараллехь къинхетаме ойла йаржош ма ву иза. Иштта баккхий нах, АлхьамдулиллахI, вайн йарташкахь а, шахьаршкахь а алссам бу. Царах диканехь-вуонехь бIаьргкхетча дагна хьаам хуьлу.

Царах цхьаь ву вайн Воккха-Дада а, даима шена къонанаш хазачу Iаьнарца, башхачу гIиллакхашца тIеийзош, нохчийн халкъан оьзда гIиллакхаш, Iадаташ, Iамалш царна йовзуьйтуш волу. И санна Воккха-Дада массо йуьртахь хила тарло, аьлча а, шеко йоццуш ву-кх. Делахь, вай йуха а ладугIур ду тхан турпалхо хилла ваьллачу Воккха-Дадига. Кегийрхой а, кхиазхой а шена гуонаха гулбина Iаш волчу. ХIун дуьйцуш ву-те иза тахана царна?

– Бовваккхар хIун ду боху аш? - хаьттира цо, къоначеран йаххьашка а хьожуш. Массо а кхуьнга хьаьжначохь Iара. «ХIаь» йа «ХIан-хIа» доцуш. Жоп оьшуш дина хаттар а дацара иза. Къамелана «некъ боккхуш» дина дара. Цунах къонанаш дика кхийтира. Дуьххьара баьхкина ма-бацара уьш Воккха-Дада волчу. ХIоьттина тийналла йохош, цо шен къамел долийра: - Жимачу стага зуда йалийна ши-кхо бутт баьлча йа цул тIаьхьа дас-нанас шайн кIант боввоккху, нагахь санна кертахь церан хьашт-дезаршка хьажа кхин кIант велахь. Бовваккхар олу керла доьзал кхоьллинарг, хIусам а йина, шена ваккхарх. Цуьнан шен бохча а, даьхни а, латта а хуьлу. Боккхачу доьзалх дIакъастор ду иза. Аьтто хилча, мелла а сиха дан дезаш хIума ду, кху заманахь-м муххале а. ХIунда аьлча цатемаш, цакхетарш, весаш кхоллало боккха доьзал цхьаьна Iаш хилча. Цуьнан бахьанаш дукха хуьлу. И ца хилийта, вовшашца йолу йукъаметтиг гIиллакхан, оьздангаллин гурашкара ца йалийта, шайнна баха Iамийта дIакъастабо къона доьзал баккхийчарах, йиша-вешех.

Бовваккхарх кIант шен дена-нанна хьалха долчу декхарех паргIат волуш вац. Мелхуо а, кIентан шен деца-ненаца, несан шен марзхошца лелош долу гIиллакх совдала деза, цаьрца йолу йукъаметтиг кхин а кIеда-мерза хила йеза, аьхна хила йеза. Воккхачуна чIогIа новкъа догIу бовваьккхина доьзалхо хервала воьлча, Iуьйранна-суьйранна шена тIе ца хоьттича, шега хьал-де ца хаьттича, шех дага ца ваьлча. Иза шайца цхьаьна Iаш волчу хенахь тергал ца дина хIуманаш а тIехь тергал дан долало да-нана. Шайх шайн кIант а, нус а хердала цалаарна ду иза. «Несо кIант даваьккхина», бохург дагатуьйсу царна шайтIано. Таккха иза течIагIдеш долу хIума лоху. Шайна цо синтем бохор доцург деш гIо дацахь а, дика дацахь а. Воккха мел хили а экама хуьлу-кх стаг. Цундела, бовваьллачул тIаьхьа доггах шен ден-ненан гIуллакхе, хьашташка хьожуш чекхвалар данне а атта хIума дац. И дан ницкъ кхаьчна кIант урамехь, йуьртахь сий деш, вуьйцу: «Шен дена-нанна дика кIант хилла чекхваьлла хьенех», - бохуш. Далла гергахь а деза, сийлахь ду деца-ненаца гIиллакхе, оьзда чекхвалар, церан сий-ларам бар.

Дикачу кIанта ша бовваьккхинчул тIаьхьа а, да-нана дийна мел ду, шен хIусам чу ког боккхур бац, цкъа хьалха да-нана долчу чу ваханa, цаьргахь хIун хьал ду хьаьжний бен. Иза цхьана а метта гIур вац дега-нене хаийтиний, цаьргара пурба даькккхиний бен. Цо кхача буур бац шен дас-нанас кхача биъний хьаьжначул тIаьхьий, царна шен хIусамехь кечбинчу кхачанах дакъа диний бен. Иза охьавуьжур вац да-нана паргIатдаьлчий бен. Шен хIусам йохйале шен ден-ненан хIусам йохйир йу цо. Шена а, шен доьзална а тIедуха, когадуха эцале денаннан хIун оьшу хьожур ву.

Цул сов, цкъа а шен хIусамнене вист хир вац шен да-нана долчохь йа шен доьзал а хьоьстур бац, хьахор бац. Иштта хуьлу дика кIант ша бовваьккхинехь а. ТIаккха дуьненахь а, эхартахь а сийлахь хуьлу иза, Делера йал а хуьлу цунна. Дала латтабойла вайна иштта кIентий! Деца-ненаца дика хилла чекхбевлла кIентий шайн халкъана а, махкана а муьтIахь хуьлуш бу.

Тахана къона болчарна хаа деза шаьш а цкъа къанлург хилар. Валаза висинчунна тIекхача йезаш йу-кх къаналла. Иза дицдеш меттигаш йаьхкина вайна йукъахь суна дагахь а. Советийн заманчохь цхьаболчу кIенташа, шаьш зуда а йалийна охьахевшича, да-нана сов а долий, уьш «Къеначийн цIийне» дIалуш меттигаш хуьлура. ХIинца-м, цхьадика, вайн Iедало Нохчийчуьра лаххьийна дIадаьхна и цIенош, ледарчу «къонахашка» и Iадат дицдайта. Дела реза хуьлда «Къеначийн цIенош» дIадаьхначарна. И ца динехь цхьаболчу кIенташна бовваккхар да-нана дIакхоссар ду моьттинера. Иза хIун ду вай дийци шуна. Диц ма делаш иза. Боввалар доккха жоьпалла, доккха декхар ду. Хьайн доьзал кхабарца, кхиорца,



Iаморца цхьаьна ден-ненан дола дар а, церан терго йар а дуьсу хьуна тIехь. Нагахь санна хьан и дан хьекъал, хьуьнар, доьналла хилахь, ахь лелийнарг гиначу хьан доьзалша (кIанта, йоIа), хьо а вуьтур вац тесна. Синтеме а, токхе а, зовкхе а хир йу хьан къаналла. Дала хан йахйойла шун массеран а. Дийцинарг хезначух а, хезначух пайдаэцначух а дойла шу Везачу АллахIа, - аьлла, шен къамел чекхдаьккхира Воккха-Дадас.

ДIабаха сих ца луш, кхин а цхьацца хаттарш деш, кхин а дикка хан йаьккхира къоначара воккхачу стагана уллехь. Мерза а, пайдехь а йаьккхина хан йара иза.

*Дадаев Сайд-Хьасан*

НАШИ ГЕРОИ

## АХМАДОВ ШАМИЛЬ (1978 – 2006)

Сотрудник республиканского ОМОНа по Чеченской Республике Ахмадов Шамиль Бесланович родился 30 мая 1978 года в селе Комсомольское Грозненского района.

Школьные годы прошли в средней школе села Комсомольское. Шамиль занимался легкой атлетикой и вольной борьбой, был физически развит, имел крепкое телосложение. Со слов брата, тренер отзывался о Шамиле крайне хорошо: «Шамиль имел прирожденный талант к борцовским видам спорта. Если бы не его работа, он с лёгкостью стал бы чемпионом мира».

Свой путь в правоохранительных органах он начал в 2000 году, вступив в ряды ОМОН. Во всех спецоперациях по поимке и уничтожению ваххабитов Шамиль всегда шел впереди, прикрывая собой товарищей.

Жизненный путь героя нашего рассказа завершился 13 сентября 2006 года. В этот день Шамиль вместе с боевыми товарищами возвращался с очередной спецоперации из Республики Ингушетия. По прибытии на блокпост ничего не подозревающие сотрудники ОМОН вышли из автотранспорта. В этот момент члены НВФ совершили нападение на сотрудников. От полученных огнестрельных ранений Шамиль скончался на месте.

Дала гIазот къобалдойлацуьнан!




## В ЧЕСТЬ 35-ЛЕТИЯ «ЗОРИ ИСЛАМА» ОТМЕТИЛИ ЗАСЛУГИ КОЛЛЕГ



**ПО ИТОГАМ ПРОШЕДШЕГО ТОРЖЕСТВА, ПОСВЯЩЕННОГО 35-ЛЕТНЕЙ ГОДОВЩИНЕ СО ДНЯ ОСНОВАНИЯ РЕСПУБЛИКАНСКОЙ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКОЙ ГАЗЕТЫ «ИСЛАМАН З1АЬНАРШ» (ЗОРИ ИСЛАМА), РУКОВОДСТВОМ ВЕДОМСТВА БЫЛО ПРОВЕДЕНО МЕРОПРИЯТИЕ, В КОТОРОМ ВЕДОМСТВЕННЫМИ НАГРАДАМИ БЫЛИ УДОСТОЕНЫ КАК КОЛЛЕГИ ИЗ ДРУГИХ СРЕДСТВ МАССОВОЙ ИНФОРМАЦИИ, ТАК И ШТАТНЫЕ СОТРУДНИКИ НАШЕЙ ГАЗЕТЫ.**

**НАГРАДЫ ПОЛУЧИЛИ 8 УЧАСТНИКОВ, КОТОРЫХ ОТМЕТИЛИ ГРАМОТАМИ И ЦВЕТАМИ ЗА ИХ ПРЕДАННОСТЬ ДЕЛУ И ВКЛАД В РАЗВИТИЕ ДУХОВНОГО ПРОСВЕЩЕНИЯ.**

*Макка Халидова*

## ПОЧЕМУ НЕТ БАРАКАТА?

**БАРАКАТ В ПЕРЕВОДЕ С АРАБСКОГО ЯЗЫКА ОЗНАЧАЕТ «БЛАГОДАТЬ». БАРАКАТ – ЭТО ПРИБАВЛЕНИЕ И ДОПОЛНЕНИЕ. БАРАКАТ ВКЛЮЧАЕТ В СЕБЯ ВСЁ ХОРОШЕЕ, ВСЕОБЩУЮ МИЛОСТЬ ВСЕВЫШНЕГО.**

От Абдуллаха ибн Бусра (да будет доволен им Аллах) передаётся, что Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал (смысл): «О Аллах, сделай баракатным (благодатным) для них то, чем Ты наделил их, прости и помилуй их» (Муслим, Абу Давуд). Всевышний Аллах предопределил каждую вещь и распределил удел (ризк) среди всех Его творений за 50 тысяч лет до сотворения небес и земли.

От Абдуллаха ибн Амр ибн аль-Аса (да будет доволен им Аллах) передаётся, что он слышал, как Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) говорил: «Аллах записал судьбу всего сотворённого за пятьдесят тысяч лет до того, как Он создал небеса и землю» (Муслим, ат-Тирмизи).

К предопределённому Создателем уделу относятся потомство, здоровье, имущество и прочее. Это всё и является предопределением Господа, и оно осуществляется согласно Его знанию, мудрости, воле и милости. Однако Всевышний Творец некоторым людям увеличил удел, а некоторым уменьшил. И когда человек получает свой удел, он получает его либо полным и обильным, либо ограниченным, но вместе с баракатом.

К примеру, человек получает обильный удел, который измеряется миллионами и миллиардами, но, если посмотреть на конечный результат, получается, что эти деньги будто были простыми бумажками, ибо в его уделе не было бараката.

Отсутствие бараката зависит от множества разных причин, которые чаще всего создаются самим же человеком. Одной из основных причин отсутствия бараката является совершение греховного. От Савбана (да будет доволен им Аллах) передаётся, что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Ничто не отталкивает предопределение, кроме как мольбы, и ничто не умножает поступки, кроме благочестия. Поистине, человек лишается своего удела из-за совершённого им греха» (Ахмад). Но в некоторых случаях причиной ограничения удела может быть не отсутствие бараката, а испытание, посланное Всевышним Аллахом. Как мы знаем, многие из сподвижников Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) были бедными людьми. Более того, сам Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) настолько испытывал нужду, что в его доме несколько месяцев подряд не разводили огня для приготовления пищи. Ведь их бедность не была результатом отсутствия бараката в уделе. Наоборот, таким образом Всевышний Аллах испытывал Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) и его сподвижников, чтобы возвысить их в степени.

Ещё одной причиной отсутствия бараката является зависть. Она имеет разрушительную силу и наносит человеку огромный ущерб. Завидовать может даже самый близкий человек. Также причиной отсутствия бараката могут быть обман, мошенничество и ложь в отношениях с людьми, в торговле и т. п.

От Хакима бин Хизама (да будет доволен им Аллах) передаётся, что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Покупатель и продавец остаются свободными в своём выборе (они могут вернуть купленный или проданный товар или оставить его у себя) до тех пор, пока они не расстались друг с другом, и если оба они были правдивы и описали (качество товара, недостатки, сроки оплаты и т. п.), то их сделка будет благословенной; если же они скрывали что-то и лгали друг другу, то баракат их сделки будет уничтожен» (аль-Бухари, Муслим).

Обман в торговых отношениях – обвешивание, сокрытие недостатков продаваемого товара и тому подобное – широко распространён сегодня. Используя эти и другие виды мошенничества, люди думают, что они получают огромные прибыли, но имущество, в котором нет бараката, может только навредить человеку. Такой человек в итоге остаётся ни с чем.

**СЛЕДУЮЩАЯ ПРИЧИНА – ЧАСТЫЕ КЛЯТВЫ.**

От Абу Хурайры (да будет доволен им Аллах) передаётся, что он слышал, как Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Клятва способствует сбыту товара, но убирает баракат (благодать)» (аль-Бухари, Муслим, Абу Дауд). Далее – получение выгоды от ростовщичества (риба).

Всевышний Аллах в Коране сказал (смысл): «Аллах уничтожает (благодать в любом деле, где присутствует) ростовщичество, и увеличивает (благодать) пожертвования» (сура «Аль-Бакара», аят 276). Пусть Всевышний не лишит нас Своей благодати! Аминь.

*Нурмухаммад Изудинов*



ХАТТАРШ А, ШАРИIАТЕХЬ ЖОЬПАШ А

**Вайна йукъахь гIарадаьлла лелаш ду къайлаха мах баран гIуллакх. Цхьа молла а лоций, шиъ теш а лоций, мах бо. Цул сов, зудчун дена а ца хууш, мах бан мегар ду бохуш, меттигаш а йу.**

**Харцахьа ца лелчахьана, мегар ду бохуш, цхьа хIуманаш ду даьржина. Оцу хьокъехь хIун эр дара ахь?**

Хьанал некъ лоьхуш хоьттуш болчарна Дала биллина кхин тIех хьанал хир боцуш хьанал некъ бу.

Йисина Iаш йолчу зудчун, майра велла и йисинехь, биъ бутт, итт де даьлча, маре йаха бакъо йу.

Нагахь санна доьзалхочух и йелахь, доьзалхо охьавиллинчул тIаьхьа, цуьнан Iидда (маре йаха ца мега хан) дIадолу, цуьнан маре йаха бакъо йу тIаккха. ХIокху тIаьхьарчу хенахь, къаьсттана, зударий белла божарий дукха бу бисина. Зуда хьашт хилла араваьллачунна, со а, со санна верг а захало дийца вахча, йоIа стаг цIера йолуш дуьйцуш долчу захалонал хала хилла тхуна бисина Iаш болу зударий иштта зударий боцуш болчу нахана бигар. ХIунда?! ХIинца пенсеш ду дукха нахана дехкина, болх боцуш хиларна (безработни) а, кхидолу а пособеш ду луш. Иштачу зударшна баха аьтто болуш ду тахана, амма церан дегIан лаам, церан дегIан хьашташ, церан лехамаш болуш ма бу, и къайлах ма дац. ТIаккха цхьацца некъаш хIиттош, кхечу мазхIабан асре девллера тхо бохуш, вели (верас) воцуш мах бойтуш, хIуманаш лелор бакъо йоцуш ду. Шен хьаштана , шен гIуллакхна вахаза ца ваьлла ваханчу меттехь и вели (верас) тIе ца кхачалуш меттиг хилча, и бахьанехь цаьргара зене некъ ца божийта, уьш Iалашбайтаран дуьхьа, йуьртан къедас схьаоьцуш йу церан бакъо (версаллин бакъо).

Къедана тIехIоьттина хилар массарна а тIехь ду, цундела цо йеш йу и бакъо. Дела Iехалур волуш вац, бакъо йоцуш ду верас воцуш маре дар.

Йисина Iаш йолчу зудчун шен дегIан лехам леха бакъо йу, цундела и зуда маре йаха йеза-кх, хаза шен верасца мах а бина, шариIатан бакъонашца, важадерш цхьа а бакъо йоцуш гIуллакхаш ду, Делан оьгIазло хир йолуш, халкъалахь сий довр долуш.

Хьулдина лело дезаш долу хIума дерриге а хьарам ду.

**Цигаьрка озар Къуръана чохь хьахийна дац, амма хIетте а цхьаболчара и оза мегар дац олу, кхечара Къуръана чохь и хьахийна цахиларна и хьарам йац олу. Цунах дерг алахьа.**

Майра бу тонка озар, насвай тасар Къуръана чохь хьахийна дац бохуш, шайна некъаш хIиттош, и лелош болу нах. Уьш лело нах эвхьаза бохуш болу «хьехамчаш» Далла гергахь «тIех майра» бу.

Дала лардойла вай церан некъах. Ду дера-кх, Къуръана чохь хьахийна – муха дац и? Хьайн дегIана зен деш долчу хIуманах ларлолахь, аьлла Дала Къуръана чохь. Хьайн ДегIан могашалла галйоккхуш долчу ларлолахь, аьлла Дала. Хьовсал, миччахьара а медицинин литература схьа а эцна, уьш хьаьвсича , адамийн догIмашкахь Дала гучуйохуш йолу цамгарш дукхахйерш оцу тонкица йу, насвайца йерш а йу: доьлийн цамгар, цергийн цамгар, иштта кхидIа а. Хьан дегI эшош йолу цамгарш, «рак» цамгарна тIекхаччалц, хьуна цамгар йеш дерг тонка ма ду, хьанал муха хир дара иза? Дала хьан дегIана зен деш долу хIуманах ларло аьлча, тоьар дацара и, хIора хIуманан шен – шен цIе цайаккхарх, хьекъал долуш волу стаг тIекхиа мегар дара, самавала мегар дара оцу новкъехь. Делахь а, иза иштта хьахийна дела ала лаьа сунна, Абу ХIурайра бохуш, Элчанан (Делера салам – маршалла хуьлда цунна) асхьабех цхьа стаг хилла, Элча шен доттагI ву аьлла цо, шен доттагIчо элира бохуш меттиг йина цо. Шен доттагIчо Элчано (Делера салам – маршалла хуьлда цунна) элира аьлла ду хьадис. «Йа Абу ХIурайра, цхьа къам догIур ду хьуна заманан эхарехь, тонка узуш хир бу хьуна уьш, уьш хир бу хьуна «Мухьаммадан умматах ду тхо» бохуш. Йа Абу ХIурайра, уьш бац хьуна шен умматах». Йуха а ду оцу меттехь йаздина: «Тонка хьанал ду бохуш и дуьйцуш верг гIиллакх доцу жIаьла ду» аьлла. Дела реза хиларш, хIунда доккху аш адам оццул эвхьаза, адаман догIмашна зен деш долчу хIуманца. Тонка узуш волу стаг адаман дикане-воне нисвеллачу меттехь, цу чохь мел волчу стеган садоьIу меттиг гатйо цо, цунах йогIу боьха хьожа, цунна шена а ца хаьа шех мел чIога йогIу и хьожа.

Хьажал, кхин хIумма а ца хилча, доьзалхочух йолу зуда йолчу чохь тонка узуш волчу стеган къуръан хьожано оцу ненан кийрахь волу доьзалхо сакхте во. Оццул зене долу иза маго хIунда гIерта?

Дала лардойла вай оцу хIуманца эвхьазадийларх.

**Йууш йолчу хIуманца а , молуш йолчу хIуманца а бусалба дийнехь лардан дезаш дерг хьахадахьара.**

«БисмиллахIиррахьманиррахьими» аьлла доцуш дIадолийнчу массо а хIумане беркат хедар ду аьлла долчу Къуръанан айатана а, хьадисана а тIе а доьгIна, «БисмиллахI» аларца доло дезаш ду кхача баар а, хи малар а, кхидолу хIума а. Кхача бууш ша велахь, куьйгаш дила деза.Уьнах цIена а ду иза, оьзда а ду иза, суннатех а ду иза. Нагахь санна кхача бууш берш цхьана шуьна чу кхевдаш белахь, кхечунна хьалха а ца кхийдаш, шена хьалха йерг йаа йеза. Йууш йолу хIума аьтту куьйгаца йаа йеза. Ша хIума йиъна ваьллачул тIаьхьа, «алхьамду лиллахI» аьлла, доIа дан деза. Ирахь а ца молуш, охьа а лахвелла хи малар оьздангаллех ду.

*Хаттаршна жоьпаш делла*
*КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгалхочо*
*Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас*

**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**
**34 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

Учредитель:
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров
Основатель газеты М. Д. Заурбеков
Главный редактор Ф. М. Заурбекова

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
Телефон: 8-928-088-85-50; E-mail: zori_islama@mail.ru; Индекс газеты: 54 928,
Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать 26.11.2025 г. 15:00. Подписано в печать: 26.11.2025 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!